**दिन—सोमवार** **दिनांक—20.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

विधानसभा चुनावक दोसर चरणक लेल नामांकन दाखिल करबाक कार्य आइ संपन्न भऽ गेल। एहि चरणक तहत एगारह नवम्बर कैँ बीसटा जिला सभ मे विधानसभाक कुल एक सय बाईस निर्वाचन क्षेत्र सभ मे मतदान हेबाक अछि। नामांकन पत्र सभक काल्हि जाँच कएल जाएत आओर उम्मीदवार तेईस अक्टूबर धरि नाम वापस लऽ सकैत छथि। एहि चरणक लेल एखन धरि एक हजार छियासठि पर्चा दाखिल कएल जा चुकल अछि। ओतहि, विधानसभा चुनावक प्रथम चरणक लेल नाम वापस लेबाक समय सीमा सेहो आइ समाप्त भऽ गेल। पहिल चरण मे छओ नवंबर के अठारह जिला सभक एक सय एक्कैस टा सीटक लेल मतदान होयत। एहि चरणक लेल एक हजार तीन सय पचहत्तर नामांकन वैध पाओल गेल अछि। एहि मे एक सय सैंतालीस महिला आओर एक हजार दू सय अड़तालीस पुरूष उम्मीदवार शामिल छथि। एम्हर पटना जिलाक चौदह टा विधानसभा क्षेत्र सभ मे नाम वापसीक बाद एक सय उनचास उम्मीदवार चुनावी मैदान मे रहि गेल छथि। जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह जिलाधिकारी डॉक्टर त्यागराजन बतएलनि जे सभ सँ बेसी चौदह टा प्रत्याशी पालीगंज निर्वाचन क्षेत्र मे छथि। ओतहि, सभ सँ कम आठ टा प्रत्याशी मोकामा विधानसभा क्षेत्रक चुनावी मैदान मे छथि।

---

दोसर चरण कैँ चुनावक नामांकनक अंतिम दिन कतेको उम्मीदवार सभ अपन पर्चा दाखिल कयलनि। कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम कुटुंबा विधानसभा क्षेत्र सँ, अमौर सँ जलील मस्तान, पूर्णियां सँ जितेन्द्र यादव आओर सुपौल सँ मिन्नत रहमानी नामांकन पत्र भरलनि। सुपौल विधानसभा क्षेत्रक कांग्रेस—बागी अनुपम सेहो निर्दलीय प्रत्याशीक रूप मे पर्चा दाखिल कयलनि। एम्हर, राजदक स्वेता सुमन मोहनिया सुरक्षित सीट सँ, पूर्व मंत्री ब्रजकिशोर बिंद चैनपुर सँ, कौशल यादव नवादा सँ, वैद्यनाथ मेहता निर्मली सँ, चंदन कुमार रून्नीसैदपुर सँ, श्वेता पूर्वे परिहार सँ, मुकेश कुमार यादव बाजपट्टी सँ आओर ओबरा सँ ऋषि कुमार

नामांकन कयलनि। राजदक बागी आओर गोविंदपुरक निवर्तमान विधायक मोहम्मद कामरान निर्दलीय प्रत्याशीक रूप मे अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। परिहार सँ राजद नेत्री रितु जायसवाल बगावत करैत स्वतंत्र उम्मीदवारक रूप मे नामांकन कयलनि। वीआईपीक अपर्णा कुमारी विहपुर सँ पर्चा दाखिल कयलनि।

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक रानी कुमारी मखदुमपुर सँ, उदय सिंह शेरघाटी आओर नितेश सिंह कसबा विधानसभा क्षेत्र सँ नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। गोपालपुर सँ जदयूक बुलो मंडल अपन पर्चा दाखिल कयलनि। एआईएमआईएमक सरबर आलम कोचाधामन सँ, शम्स आगाज किशनगंज सँ आओर गुलाम हसनैन ठाकुरगंज सीट सँ नामांकन पत्र भरलनि। दोसर दिस जन सुराजक सुजाता वैद्य अमरपुर सँ आओर कौशल किशोर बांका सीट सँ नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। बहुजन समाज पार्टीक राणा रंधीर सिंह चौहान बेलसंड सँ नामांकन कयलनि। भोजपुरी गायक–अभिनेता पवन सिंहक पत्नी ज्योती सिंह काराकाट विधानसभा क्षेत्र सँ निर्दलीय उम्मीदवारक तौर पर नामांकन पत्र भरलनि।

———————————————————————

विधानसभा चुनावक लेल नामांकनक प्रक्रिया समाप्त भेलाक बाद महागठबंधन कँ घटक दल राजद, कांग्रेस, वीआईपी, सीपीआई माले, सीपीआई आओर सीपीएमक मध्य सीट सभक बंटवारा कँ लऽकऽ स्थिति लगभग स्पष्ट भऽ गेल अछि। राजद एक सय तैंतालीस, कांग्रेस एकसठि, सीपीआई माले बीस, वीआईपी पन्द्रह सीट पर उम्मीदवार उतारलक अछि। एकर अलावे सीपीआई नओ आओर सीपीएम चारि सीट सभ पर प्रत्याशी देलक अछि। संगहि, आईपी गुप्ताक नेतृत्ववला इंडियन इंक्लूसिव पार्टी आईआईपी चारि सीट पर उम्मीदवार ठाढ़ कयलक अछि। दोसर चरण लेल नाम वापस लेबाक अंतिम तिथिक बादे पूरा परिदृश्य स्पष्ट भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

राज्य मे आदर्श आचार संहिता लागू हेबाक बाद सँ विभिन्न प्रवर्तन एजेंसी सभ गस्ती यूनिट सभ आओर निगरानी टीम सभ तेईस करोड़ एकतालीस लाख टाकाक मूल्यक शराब आओर करीब सतरह करोड़ टाकाक मूल्यक मादक पदार्थ जब्त कयलक अछि। मतदाता सभ कँ लोभेबाक लेल एकत्र कएल गेल चौदह करोड़ तेरह लाख टाकाक मूल्यक अन्य वस्तु सभ

सेहो जब्त कएल गेल अछि। एकर अलावे चारि करोड़ उन्नैस लाख टाकाक नगदी सेहो बरामद कएल गेल अछि।

---

दियाबातीक त्योहार दीपावली आइ पारम्परिक आस्था आओर श्रद्धाक संग मनाएल जा रहल अछि। एहि अवसर पर धनक देवी लक्ष्मी आओर विघ्नहर्ता भगवान गणेशक पूर्जा–अर्चना कएल जाइत अछि। दियाबाती कँे लऽकऽ पूरा प्रदेश मे उत्साहक माहौल अछि। लोक भोरे सँ पूजा–सामग्री सभक खरीददारी कऽ रहल छथि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उप–राष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार दियाबातीक अवसर पर लोक सभ कँे शुभकामना देलनि अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ गोवा आओर कारवारक तट पर आईएनएस विक्रांत पर नौसेना कर्मी सभक संग दियाबाती मनैलनि। भारतीय सशस्त्र बलक संग दियाबाती मनेबाक अपन वार्षिक परम्परा कँे जारी रखैत श्री मोदी कहलनि अछि जे आईएनएस विक्रांत मात्र एकटा युद्धपोते टा नहि अछि, ई एक्कैसम सदीक भारतक प्रतिभा, दृढ़ संकल्प आओर वैश्विक प्रभावक प्रमाण अछि। प्रधानमंत्रीक रूप मे ओ अपन पहिल वर्ष मे लद्दाखक सियाचिन ग्लेशियर मे ओतऽ तैनात सैनिक सभक संग दियाबातीक राति बितौने रहथि।

---

समाप्त भेल